

Pwogram Asistans pou Dlo pou Fwaye ki Gen Revni ki Ba (Low Income Household Water Assistance Program, LIHWAP) Aplikasyon pou avantaj yo

Voye aplikasyon ranpli ak siyen an bay: NYS OTDA/LIHWAP, PO Box 1789, Albany, NY, 12201

Enfòmasyon sou Aplikan oswa Fwaye (lèt detache)

Moun ki gen responsablite prensipal ak dirèk pou peye bòdwo dlo potab ak/oswa dlo ize ta dwe ranpli aplikasyon sa a. Bòdwo sa a ta dwe nan non moun sa a.

Prenon: _____ Siyati: _____ MI: _____

Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Nimewo Telefòn: _____ Liy Fiks Mobil Konte Rezidans: _____

Adrès Postal si li diferan de sa ki anlè a: _____

Imèl (pa obligatwa): _____

Dlo Potab

Èske sèvis ou a te koupe: Wi Non Èske ou gen yon avi entèripsyon: Wi Non

Mwen aplike pou èd ak: yon bòdwo ki anreta. yon bòdwo aktyèl.

Non Machann lan: _____ Nimewo kont lan: _____

Peryòd sèvis (si sa endike sou bòdwo a) Apati: _____ Rive: _____ Montan ou dwe: dola _____

Dlo ize

Èske sèvis ou a te koupe: Wi Non Èske ou gen yon avi entèripsyon: Wi Non

Mwen aplike pou èd ak: yon bòdwo ki anreta. yon bòdwo aktyèl.

Non Machann lan: _____ Nimewo kont lan: _____

Peryòd sèvis (si sa endike sou bòdwo a) Apati: _____ Rive: _____ Montan ou dwe: dola _____

Dlo Potab ak Dlo ize Konbine

Èske sèvis ou a te koupe: Wi Non Èske ou gen yon avi entèripsyon: Wi Non

Mwen aplike pou èd ak: yon bòdwo ki anreta. yon bòdwo aktyèl.

Non Machann lan: _____ Nimewo kont lan: _____

Peryòd sèvis (si sa endike sou bòdwo a) Apati: _____ Rive: _____ Montan ou dwe: dola _____

Mete tout manm nan fwaye ou, sa gen ladan tèt ou. Ajoute fèy siplemantè jan sa nesèsè.

Prenon	Inisyèl Dezyèm Prenon	Non Fanmi	Sèks GASON / FANM	Idantite Seksyèl (Ochwa)	Dat Nesans	Relasyon l avèk mwen	Nimewo Sekirite Sosyal	Sitwayen/Resòtisan Etazini oswa Etranje Kalifye
						Oumenm		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
								<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
								<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
								<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
								<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

Èske gen nenpòt moun nan fwaye a k ap resevwa avantaj annapre yo? Pwogram Asistans pou Enèji Adomisil (Home Energy Assistance Program, HEAP), Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Asistans Tanporè (Temporary Assistance, TA), oswa Revni Sekirite Siplemantè (SSI Living alone)

Si wi, kiyès k ap resevwa? _____ Nimewo dosye a(yo): _____

Èske gen nenpòt mou nan fwaye a ki andikape oswa avèg? Wi Non Si se wi, kimoun? _____

Revni: Bay enfòmasyon sou revni pou tout manm nan fwaye a, sa gen ladan tèt ou, pou mwa anvan a. Aplikan an dw bay prèv revni. Aplikan an dwe ateste enfòmasyon revni nan non lòt manm fwaye a. Si w ap resevwa Medicare, antre montan brit la ak endike montan ki peye pou Part B ak/oswa D.

Non moun k ap resevwa	Sous revni (Non anplwayè, Sekirite Sosyal, Andikap Sekirite Sosyal, Sipò Alimantè pou Timoun, Revni Lwaye, etc.)	Frekans (Chak semèn, chak mwa, chak de semèn, etc.)	Montan brit (anvan dediksyon)	Montan ki peye pou Medicare Part B ak/oswa Part D

Enfòmasyon ak Konsantman ki Enpòtan: (Li ak atansyon anvan w siyen)

Mwen konprann lè mwen soumèt aplikasyon sa a, tout enfòmasyon yo vrè, konplè ak kòrèk. Mwen konprann ke nenpòt fo deklarasyon oswa lòt move reprezantasyon ke mwen fè volontèman an koneksyon ak aplikasyon sa pou avantaj Pwogram Asistans Dlo pou Fwaye ki gen Revni ki Ba (LIHWAP) ka lakòz mwen pa elijib pou asistans yo peye nan non mwen bay founisè (vandè) dlo potab ak/oswa dlo ize mwen an. Answit, si mwen fè espere pou bay fo deklarasyon oswa enfòmasyon ki pa egzat pou mwen ka jwenn asistans nan pwogram sa a, sa ka fè yo pran yon mezi kont mwen ki ka lakòz mwen jwenn sanksyon sivil ak/oswa sanksyon kriminel. Enfòmasyon yo ki bay nan aplikasyon sa a oswa ki dekouvri atravè verifikasyon ka divilge bay lòt ajans Eta ak Federal ak ajans lokal yo pou yo ka egzamine yo ofisye lman, epi tou bay otorite lapolis yo nan objektif pou envestigasyon oswa pouswit yon fwòd. Si gen yon reklamasyon kont fwaye mwen, nou ka voye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a, ansanm avèk tout SSN yo, bay ajans Federal ak Eta yo, ansanm ak ajans rekouvreman yo pou ka poze aksyon koleksyon reklamasyon yo.

Mwen konprann lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen dakò nenpòt envestigasyon pa nenpòt mwayen ki disponib nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York pou verifiye oswa konfime enfòmasyon mwen te bay an koneksyon avèk aplikasyon mwen an pou avantaj LIHWAP yo. Enfòmasyon mwen te bay nan aplikasyon LIHWAP mwen an ak dokiman mwen te bay yo, yo pral itilize yo pou tcheke idantite epi yo ka divilge oswa re-divilge pou verifiye revni mwen touche ak sa mwen pa touche ak lòt asistans mwen resevwa pou mwen menm ak lòt moun nan kay la, epi pou detèmine si aplikan yo ka resevwa peman oswa lòt èd. Mwen bay konsantman mwen pou OTDA oswa lòt pèsonèl eta, federal, lokal, oswa lòt pèsonèl otorize pou anrejistre, estoke, jwenn aksè, epi itilize enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a ak nenpòt dokiman mwen te bay, ansanm ak enfòmasyon yo bay nan nenpòt konvèsasyon, tèks, oswa lòt mwayen kominikasyon ak OTDA oswa lòt pèsonèl eta, federal, lokal oswa lòt pèsonèl otorize. Mwen dakò ekspresman pou yo divilge enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a oswa ki gen rapò ak kalifikasyon mwen pou LIHWAP bay nenpòt antite ki nesès pou administrasyon LIHWAP ki gen ladan, men pa sèlman, distri sèvis sosyal yo, lòt ajans oswa antite lokal yo, ak Depatman Sante ak Sèvis Zimen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS). Mwen dakò tou pou yo divilge ak itilize enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a oswa ki gen rapò ak elijibilite mwen pou LIHWAP bay nenpòt lòt antite pou evite repetisyon avantaj yo. Mwen konprann OTDA ka mande enfòmasyon siplemantè ki gen rapò ak aplikasyon mwen pou avantaj LIHWAP yo epi mwen dakò bay enfòmasyon yo mande yo nan limit tan OTDA bay la.

Mwen konprann epi mwen dakò lè mwen bay yon nimewo telefòn oswa nimewo telefòn selilè nan aplikasyon sa a oswa lè mwen mande pou yo kontakte mwen atravè mesaj tèks (SMS/MMS), OTDA ka itilize nimewo sa a pou rele, voye mesaj tèks, oswa kite mesaj vokal ki gen rapò ak LIHWAP. Ka gen frè pou mesaj tèks ak done estanda nan konpayi san fil la ki ka aplike. Nenpòt depans ki gen rapò ak resevwa apèl oswa mesaj tèks se responsab moun k ap resevwa yo a. NYS ak ajan li yo pa responsab epi yo p ap aksepte oswa asime okenn responsab pou domaj, pèt, reklamasyon, depans, oswa depans ki gen ladan, men pa sa sèlman, depans pou mesaj vokal, tèks, ak depans pou done ki ka lakòz oswa ki gen rapò ak, aplikasyon w lan pou LIHWAP. Tcheke ak founisè sèvis telefòn ou pou detay sou resepsyon apèl oswa mesaj tèks (SMS/MMS). Mesaj tèks oswa apèl yo ka voye oswa fèt apati sistèm apèl telefonik otomatik. Mwen konprann ak dakò ke lè mwen bay yon korespondans adrès imèl konsènan LIHWAP ke OTDA ka voye bay adrès imèl mwen bay la.

Mwen bay konsantman tou pou pèmèt yo itilize enfòmasyon ke mwen bay nan aplikasyon sa a itilize nan referans yo pou pwogram asistan dlo potab ak/oswa dlo ize, pwogram entanperizasyon ak pwogram konpayi sèvis piblik mwen an pou moun ki gen revni fèb ki disponib yo. Mwen konprann ke OTDA pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal mwen an pou verifiye resi LIHWAP vandè dlo potab ak/oswa dlo ize mwen an. Otorizasyon sa a gen ladan tou pèmision pou nenpòt nan machann mwen yo (ki gen ladan sèvis piblik mwen an) pou bay kèk enfòmasyon estatistik. ki gen ladan men pa sa sèlman, itilizasyon dlo potab ak/oswa itilizasyon dlo ize mwen, konsomasyon, pri anyèl, ak istwa peman mwen bay OTDA, ak HHS pou objektif mezi pèfòmans LIHWAP.

Mwen li epi konprann konsantman yo anwo a epi dakò ak otorizasyon konsantman yo ki ladan. Mwen konprann ak dakò ke lè mwen siyen ak soumèt aplikasyon sa a bay OTDA, mwen fè sa sou pèn fo temwayaj epi mwen afime enfòmasyon yo ki nan dokiman sa a vrè, konplè ak kòrèk.

Non (lèt detache) _____ Siyati _____ Dat: _____

Seksyon Sa a Se pou Ajans lan Itilize Sèlman

Dat resepsyon: _____ Dat done yo antre: _____
 Kòmantè: _____

Enstriksyon pou Aplikan yo

Voye aplikasyon ranpli ak siyen an bay:

NYS OTDA/LIHWAP

PO Box 1789

Albany, NY 12201

Kisa m ap bezwen pou aplike? Aplikan yo dwe gen ladan dokiman/enfòmasyon anba yo ansanm ak aplikasyon sa a:

- Prèv Idantite pou aplikan prensipal la. Yo mande dokiman idantite yo pou tout lòt manm fanmi men se pa obligatwa.
- Prèv kote ou abite. Ou dwe rete nan rezidans ke w ap mande asistans pou li a.
- Yon bòdwo dlo potab ak/oswa dlo ize ki endike rezidans pèmanan ak prensipal ou. Bòdwo a ta dwe nan non moun k ap ranpli aplikasyon an.
- Dokiman revni pou aplikan prensipal la. Montan revni pou tout lòt manm fwaye a dwe antre men dokiman pa obligatwa.
- Yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) valab pou aplikan prensipal la. Yo mande SSN yo pou tout lòt manm fwaye a men se pa obligatwa.

Kimoun ki ta dwe ranpli ak siyen aplikasyon an? Se moun ki gen responsablite prensipal ak dirèk pou peye bòdwo dlo potab ak/oswa dlo ize a ki dwe ranpli aplikasyon an.

Ki adrès mwen ta dwe bay? Ou dwe bay adrès kote w ap viv la. Adrès sa a fèt pou se adrès pèmanan ak prensipal ou.

Poukisa ou bezwen nimewo telefòn mwen? Sa ap ede nou travay sou aplikasyon ou alè si lòt enfòmasyon obligatwa.

Kimoun mwen ta dwe bay kòm moun lakay mwen? Bay tout moun k ap viv lakay ou, menmsi yo pa gen relasyon avèk ou oswa menmsi yo bay kotizasyon lajan lakay ou. Mete tèt ou dabò sou liy 1.

Idantite Seksyèl: Eta New York garanti dwa ou pou jwenn aksè ak avantaj Eta yo ak/oswa sèvis kèlkeswa sèks, idantite seksyèl, oswa ekspresyon. Ou dwe di sèks ou ak sèks tout moun ki nan kay la, idantifye yo kòm gason oswa fanm. Sèks ou rapòte a isit la dwe menm lan ak sa ki nan dosye aktyèlman nan Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini an. Yo bezwen sèks ou rapòte a pou trete aplikasyon ou an. Li pa pral parèt sou okenn kat avantaj ou ka resevwa oswa nenpòt lòt dokiman ki destine a piblik la. Idantite sèks se fason ou wè tèt ou ak sa ou rele tèt ou. Idantite seksyèl ou kapab menm lan oswa diferan de sèks yo te asinye ou lè ou te fèt. Idantite seksyèl pa obligatwa pou aplikasyon sa a. Si idantite seksyèl ou, oswa idantite seksyèl nenpòt moun lakay ou, diferan de sèks ou te rapòte pou moun sa a epi ou ta renmen bay idantite seksyèl moun sa a, ekri "Gason" (Male), "Fanm" (Female), "Non-Binè" (Non-Binary), "X", "Trans-seksyèl" (Transgender), oswa "Idantite Diferan" (Different Identity) nan espas yo te bay la. Si ou ekri "Idantite Diferan", ou ka chwazi dekri idantite seksyèl moun sa a pi byen nan espas yo bay la.

Enfòmasyon sou Sitwayen/Etranje: Pou kapab resevwa LIHWAP, ou dwe se yon sitwayen Ameriken, yon Etranje Kalifye oswa yon moun ki pa sitwayen ameriken. Pou jwenn enfòmasyon adisyonèl sou sa ki konstitiye yon Etranje oswa yon moun ki pa sitwayen Ameriken ki Kalifye, tanpri kontakte liy dirèk Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikap nan 1-800-342-3009 oswa vizite sitwèb OTDA a nan <http://www.otda.ny.gov>.

Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal pou tout moun? Yon Nimewo Sekirite Sosyal valab obligatwa pou aplikan an epi yo mande li pou tout lòt moun ki nan kay la. Si nenpòt moun lakay ou pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal, men li te aplike pou youn, ekri "applied" (aplike) nan kaz Nimewo Sekirite Sosyal la. Si ou kite seksyon sa a vid pou manm ki nan kay la ki se aplikan prensipal la, aplikasyon ou an p ap ka trete men l ap rete an annatant pou lòt enfòmasyon yo.

Kijan mwen ta dwe ranpli seksyon revni an? Èske m ap bezwen bay prèv? Mete TOUT revni ou touche ak pa touche pou tout moun k ap viv nan kay la. Ou ta dwe antre tout kantite lajan yo kòm revni anvan nenpòt dediksyon. Dediksyon yo gen ladan, men pa sèlman: taks sou revni, sipò timoun, sezi-arè, asirans sante, ak kotizasyon sendika. Ou gen obligasyon pou soumèt dokiman pou tout revni ou touche ak pa touche, ansanm avèk revni ou fè nan travay endepandan ak revni lokasyon pou aplikan prensipal la. Ou ka gen obligasyon pou bay dokiman ki pwouve lòt revni. Pa bay orijinal yo, nou p ap retounen yo ba ou. Kalifikasyon an ap baze sou revni kay ou anvan dediksyon pou mwa aplikasyon an. Tanpri antre kantite lajan Sekirite Sosyal ou anvan nenpòt dediksyon pou Medicare. Bay lis apa pou kantite lajan ke ou peye pou Medicare Pati B ak/oswa Pati D. Kantite lajan pou Medicare Pati B ak D yo eskli kòm revni. Antre sèlman pòsyon enterè oswa dividann kont labank yo, CD yo, aksyon yo, obligasyon yo, oswa lòt revni envestisman. Bay chak kont apa. Si ou bezwen plis espas, mete lòt fèy papyè. Ekri kantite lajan ou te resevwa ane a jiska dat.

Asire ou siyen ak date aplikasyon an. Moun ki gen bòdwo dlo potab ak/oswa dlo ize nan non li dwe siyen aplikasyon an.

Kontestasyon: Ou gen dwa pou mande yon kontestasyon si gen plis pase trant (30) jou ouvab ki te pase depi lè OTDA te resevwa aplikasyon siyen ak ranpli ou a epi yo pa te fè ou konnen desizyon yo pran sou elijibilite an. Si ou manke enfòmasyon, aplikasyon ou an ka rete annatant pou jiska dis (10) jou ouvab epi peryòd atant lan pa konte nan delè trant (30) jou ouvab pou bay notifikasyon an. Aplikan ke yo bay refi oswa ki pa dakò avèk montan asistans yo ke yo te apwouve pou resevwa gen swasant (60) jou apati dat yo resevwa detèminasyon yo a pou mande yon kontestasyon. Ou ka mande kontestasyon yo pa imèl nan NYSLIHWAP.appeals@otda.ny.gov oswa nan telefòn nan (833) 690-0208 oswa alekri: NYS LIHWAP Floor 11B, 40 N. Pearl St. Albany, NY 12243.

Kalite Dokiman ki Akseptab

Rezidans (Kote w ap viv kounye a)

- Dènye resi peman lwa ou ki gen non ak adrès lokatè ak mèt kay la oswa dènye resi afèmaj ou ki gen non ak adrès
- Bòdwo dlo potab, dlo ize oswa taks
- Politik Asirans Pwopriyete Kay/Lokatè yo
- Bòdwo sèvis piblik
- Liv peman prè ipotekè/resi ki gen adrès

Idantite

Ou dwe bay youn oswa plizyè nan sa anba a yo pou aplikan prensipal la.

- Lisans Chofè
- Kat Idantite ki gen Foto
- Paspò Ameriken oswa Sètifika Natiralizasyon
- Sètifika Nesans oswa Sètifika Batèm*
- Nimewo Sekirite Sosyal ki Valide*
- Deklarasyon yon lòt moun bay*

***Yo ekzije de (2) fòm prèv.**

Nimewo Sekirite Sosyal

Ou dwe bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) valab pou aplikan prensipal la. Si ou pa gen yon SSN, ou dwe aplike pou youn nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA).

Verifikasyon ak konpayi dlo potab ak/oswa dlo ize a

Bay yon kopi dènye bòdwo dlo potab ak/oswa dlo ize ou, yon bòdwo taks aktyèl ki endike frè dlo potab ak/oswa dlo ize a oswa yon bilan vandè ou a. Si ou gen bòdwo ki separe pou dlo potab ak dlo ize, bay kopi pou toude bòdwo yo.

Revni:

- Souch peman pou kat (4) dènye semèn yo
- Si ou se yon travayè endepandan, dosye biznis pou twa (3) dènye mwa yo, oswa fòmilè deklarasyon enpo federal ke ou te ranpli pou ane sa, ki enkli tout orè ki aplikab yo.
- Revni/depans lwaye pou twa (3) dènye mwa yo, oswa fòmilè deklarasyon enpo federal ke ou te ranpli pou ane sa, sa gen ladan tout orè ki aplikab yo.
- Sipò timoun oswa pansyon alimantè/sipò konjigal
- Enterè/Bank/Deklarasyon Enpo oswa Dividann
- Deklarasyon pansyonè

Kopi lèt rekonpans lan oswa korespondans ofisyèl pou sa nou pral site la yo:

- Sekirite Sosyal/Revni Sekirite Anplis (SSI)
- Avantaj pou Veteran yo
- Pansyon
- Konpansasyon Travayè/Andikap
- Avantaj Asirans pou Chomaj yo